



## **Kesyon ki souvan poze sou tè Maladi Kowonaviris 2019 (KOVID-19)**

Mizajou, 1 oktòb 2020

**Pandan tan ki gen gwo demand antisipe nan sistèm swen sante a, yo mande w pou evite vizit ki pat pwograme yo kay founisè swen sante ou. Li enpòtan pou rele davans. Moun ki pa malad grav pa ta dwe ale nan ijans. Moun ki pa malad grav yo ta dwe rete lakay yo epi kontakte founisè swen yo pa telefòn pou èd.**

### **Baz yo**

#### **Èske mwen ta dwe teste?**

Nou ankouraje tout moun pou yo fè yon tè - menm moun ki pa gen sentòm yo oswa ki gen yon rezon pou yo sispèk yo te ekspozè.

#### **Ki kote mwen kapab fè tè la? Kiyès mwen dwe kontakte?**

Gen plis pase 200 kote pou fè tè ki disponib toupatou nan Maryland. Lokasyon, kontak ak enfòmasyon sou orè anpil kote yo fè tè KOVID-19 nan Maryland kew ka jwenn nan [covidtest.maryland.gov](https://covidtest.maryland.gov). Nou ankouraje pasyan yo pou yo kontakte kote yo te planifye pou yo fè tè la pou verifye pwosedi randevou a oswa kondisyon orè yo.

*Plan pou w al fè tè la yon kote ki nan lis "CRISP" la kòm pwen kontak (sa a gen ladan anpil kote pou fè tè rapid), kontakte founisè swen sante ou epi mande pou yo voye lòd tè ou nan CRISP. Apre yo fin pase kòmand la, ou pral resevwa yon imèl oswa yon tèks ak yon kòd konfimasyon pou kòmand epi enstriksyon pou pran randevou ou. Apre ou fin pran randevou, w ap resevwa yon dezyèm imèl oswa yon mesaj tèks ki konfime randevou a.*

#### **Ki sa tè la gen ladann? Ki pwosesis la?**

Jeneralman, pou tè la yo foute yon tanpon ("q-tip") nan twou nen pasyan an. Pifò pasyan rapòte yon malèz minè oswa tanporè.

#### **Konbyen tan sa ka pran pou resevwa rezilta yo? Kijan moun ki fè tè yo jwenn rezilta yo?**

Anjeneral, rezilta yo ap disponib nan anviwon de a sèt jou, depann de demand yo ak resous laboratwa yo. Nan pifò ka yo, ou pral gen posibilite pou yo kontakte ou ak rezilta ou yo pa mesaj tèks oswa pa apèl oswa pou rekiperè rezilta ou nan yon pòtal sou entènèt. **Remak**

**10 oktòb 2020** Pou kounye a, anpil laboratwa ap bay rezilta tè s yo nan youn oswa de jou nan jou yo ouvè yo. Sepandan, Akoz gwo volim tè s k ap fèt nan tout peyi a, li ka pran plis tan pase sa w te prevwa pou jwenn rezilta w yo. Laboratwa ki nan tout eta a ap travay byen vit ak anpil prekosyon posib.

### **Èske mwen pral gen pou peye pou tè s KOVID-19 la?**

Nan anpil sikonstans, yo bay tè s yo gratis pou pasyan yo. Tout fwa, moun yo ta dwe kontakte plan sante yo anvan yo resevwa yon tè s KOVID-19 pou detèmine si plan an ka kouvri tè s la nan sikonstans yo. Yo ka touche chè nan men w si plan sante ou pa kouvri tè s la. Kouvèti medikal Maryland pral kouvri depans yo nan Tè s KOVID-19 pou benefisyè li yo.

### **Èske asirans mwen an ap kouvri trèman an si mwen teste pozitif pou KOVID-19?**

Plan asirans sante yo kouvri tretman ki nesèsè sou plan medikal pou maladi, men tretman an ka sijè a franchiz, akò pèyman, ak / oswa asirans pataje. Ou pral bezwen peye kantite lajan sa yo, menm si swen an kouvri. Si ou gen yon plan benefis limite yo, ka gen restriksyon adisyonèl sou sa ki kouvri a.

### **Si mwen gen KOVID-19, kisa k ap pase?**

Gran majorite moun retabli de maladi sa a nan youn a de semèn. Pifò moun yo pral gen sentom ki modere epi yo pral avize yo pou yo refè nan kay ak izole tèt yo de lòt moun yo. Nenpòt moun ki gen sentòm yo ki vin pi mal ta dwe rele yon founisè swen sante.

## **Aprè Tè s la**

### **Kisa pou mwen fè pandan m ap tann rezilta m yo?**

Rete lakay ou epi izole tèt ou. Souvan lave men ou avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Limite kontak ak bèt kay ak lòt bèt yo; mete yon mask ki pou kouvri w lè w nan mitan lòt moun; souvan netwaye ak dezenfekte objè ak kote ki plis manyen yo. Siveye sentom ou yo. Si sentòm ou yo ta vin pi mal, tanpri rele biwo founisè swen sante ou a. Si ou gen yon ijans medikal, tankou difikilte pou respire, rele 911. Di operatè 911 lan ke ou te fè tè s pou KOVID-19 epi w ap tann rezilta yo.

### **Kisa pou mwen fè si rezilta tè s mwen yo pozitif pou KOVID-19 la?**

Si tè s ou a pozitif, ou ta dwe izole pwòp tèt ou nan kay pou dis jou apre sentom ou te kòmanse oswa twa jou apre dènye lafyèw la, sa depan peryòd ki pi long, epi si sentom ou yo amelyore. Kontinye pratike bon ijyèn, tankou lave ou souvan ak lave men ou, dezenfekte kote "ki plis manyen" yo, epi souvan lave rad yo ak dra kabann. Limite kontak ak bèt kay yo ak tout lòt bèt yo. Pratike distans fizik nan kay la ak mete yon mask lè w nan mitan lòt moun.

### **Èske rezilta tè s pozitif KOVID-19 mwen an pral rapòte bay antite sante piblik?**

Wi. Rezilta tèz pozitif KOVID-19 yo pral rapòte bay ajans sante piblik apwopriye, dapre lwa ak règleman Maryland ki aplikab yo.

**Kilè mwen ka antre nan mitan lòt moun apre mwen finn genyen KOVID-19?**

Pale ak founisè swen sante ou sitou si w gen [yon kondisyon sante ki gen anpil risk](#) oswa si w gen 65 an oswa plis. Ou ka bezwen rete lwen lòt moun ankò pou plis tan.

Pifò moun ka swiv twa kondisyon yo CDC a anvan yo antre nan mitan lòt moun:

1. Sa a fè pou pi piti 10 jou depi sentòm yo te parèt pou premye fwa, **EPI**
2. Sa a fè pou pi piti 24 èdtan depi ou pa gen lafyèv san yo pa itilize medikamanyo pou diminye lafyèv la, **EPI**
3. Lòt sentòm KOVID-19 yo ap amelyore (pèt gou ak sant ka pèsiste pandanplizyè semèn oswa plizyè mwa apre rekiperasyon epi yo pa bezwen retadenan fen izolasyon an).

**Tanpri vizite [covidtest.maryland.gov](https://covidtest.maryland.gov) pou plis enfòmasyon sou tèz yo epi jwenn yon sit tèz tou pre ou.**